VaKOROSE

Zvitsauko 1 - 4 netsananguro

TSIKA YEKUVERENGA BHAIBHERI

Tsanga yegorosi haimbofi yakagara iri yega.



Ichitsigirwa naArchbishop Desmond Tutu

Rakaturikirwa naShelton Mudyaro

Yakashandurirwa kubva muchinyorwa chepakutanga uye yakatsanangurwa mumutauro wemazuva ano netsananguro.

Francois du Toit PhD

CHIONI – ONI

Shoko remuchioni – oni ishoko rinoturikirwa kubva mumagwaro eGiriki epamavambo. Pachitevedzerwa zvirevo zvemagwaro emavambo, mitsara yakaumbwa nezvirevo zvikuru zvokuti inodarikira nokutsinhirwa nemamwe magwaro.

Mamwe magwaro okujekesa akanyorwa namavara akaita kutsveyama.Zvinova tsanangudzo pane kungova zvinyorwa zveturukiro chete.Panguva iyo zvirevo zvemashoko eGiriki akadzidzwa zvine hudzamu, izvi zvinoitwa nekuongorora zvikamu zvose mukati metsamba dzacho, zvakare tichiziva mupfungwa dzedu zvireze nezvaJesu pamwe nebasa rake rakapera, iro rinova shoko rakatakurwa neBhaibheri

Kubatsira muverengi mudzidzo yake, Ndakanyora namanhamba mashoko eGiriki pamwe nechirevo chawo chechingezi chiri pedyo neshoko racho nemashoko matete akarereka anotevera shoko iroro.Zvinoitwa kuti pave neyanzaniso pakati pemashoko ari pamitauro miviri.

Ndakaturikira tsamba dzakasiyana dzaPauro makore makumi maviri nemashanu adarika anodanwa kuti maRauch.Muna 2006 Ndakatanga kunyora nezve shoko reMuchioni – oni.Zvino ibasa riri kudarika mberi zvakare richasanganisira Testamende Idzva yose nezvimwe zvikamu zveTestamende Yakare.

Mabhuku ane zvikamu akapera panguva yaNdira 2019 anova:

Vhangeri raJohani , VaRoma, I VaKorinde,
2 VaKorinde, VaGaratia, VaEfeso, VaFiripi,
VaKorose, 1 VaTesaronika,
2 Timotio, Tito, VaHebheru, Jakobho, 1 Johani 1-5,
1 Petro 1,2, 2 Petro 1 , Zvakazarurwa



Kutarira kune kutirikirwa kwese kwemagwaro kunopa mumwe munhu mukana wekunzwa izwi reMusiki wedu nepfungwa, rakamiminwa budikidze nekuturukirwa nemutauro wemuturukiri.

Mutsanangudzo ino yakavandudzwa, Francois Du Toit akazazura dzitiro kuvaverengi vemazera ose, tsika kana mutauro kuti vafadzwe nemaono ekurova kwemwoyo worudo – apo munhu wese anonzwa achidiwa zvimwe chete, wakasanganisirwa nekukosheswa mumeso aBaba – wakadzikinurwa zvizere muhumwe hwatinobva kwauri! Shoko Romuchioni rinotaura chokwadi chokuti vanhu havana kubva mudumbu ranamai vao; takabva nekuva pfungwa dzaMwari!

Kuva nebasa rakadai mumutauro weXhosa kuchava chiitiko chitsva kune vechidiki nevakura kuti vaone Bhaibheri zvakare nekuvandudzwa.

*Archbishop **DESMOND TUTU** – Legacy Foundation*

Bhaibheri Romuchioni rinova tsanagudzo inoshandura yakareruka, chaiyo, yakazara zvakare inonzwisisika, rinofadza panguva imwe chete rinoburitsa chakavanzika chezaruro yomweya; rinoratidza zvedenga zvakare zvenguva ino.

Rinofanira kuverengwa, kutungamira zvakafanira zvakare murairo wemazera ose; pakudzidza Bhaibheri, kudzamirwa, kuzvipira, kunamata kudzidzisa kuraira pamwe nekudzidza.

Jesu Kristu ndivo mwongo wechinyorwa chose.

Vatendi havarasikirwe nemwongo wekuturukirwa sezvo paine kuratidzwa zvakare kureruka pakunyorwa kunoratidzwa kuzaruro zvakare Kristu vanodzikunura.

Vasingatendi vanoona kunyaradzwa kubva mumagwaro apo vanobatwa nechokwadi zvakare kuva pedyo kwaKristu.

Kuno ndiko kuturukirwa kunopa hupenyu zvakare shanduko.Ndinogutsikana zvine kuninipiswa kwekuti Francois wakasarudzwa naMwari kushumira nguva ino neinotevera nechokwadi chisina kusanganiswa pakati pokusanzwisisa kuzvidzora kwenyika, zvimwe zvidzidzo pamwe nekuturikirwa kwedzidzo dzetsika zvakare kuita(chitendero) kwakabvisa vanhu kubva muchokwadi.

Bhaibheri Remuchioni -oni izaruro inogamuchirwa zvakare budiriro yakarairwa nedenga, kurudzirwa zvakare kurairwa.Kuturukirwa kuno pasina kuramba kunova nhandare yekurudziro inotsanangudza nyika yedu.Kubwinya kuna Mwari.

Rev.Anouya Andrew Muchechetere, *MBA, MA and former General secretary of general of Evangelical Fellowship of Zimbabwe (EFZ)*

Mubasa rakanaka rino, Pauro anodarika mberi nokunyatsopembedza kukwana kwebasa raMwari muna Kristu mukudzikinura mufananidzo wavo matiri. Chinangwa chake ndochokuti chakavanzika chevhangeri chizivikanwe mukujeka kwacho; kuratidzwa kwaKristu kwatiri kunozadzisa tariro yese yedu. Pauro anowona nyika yose sechaunga chake! Hapana chimwe chinangwa asi kuzarura Kristu kumarudzi!

1:28 Rino ndiro donzvo pamwe nechinangwa cheshoko redu; rinomutsa pfungwa dzemunhu wese, nokurayira munhu wese nokuwunza vanhu mukunzwisisa kuzere *(kujeka kwakakwana)* kuti tigowona *(nokuratidza)* munhu wose akakwana muna Kristu.

1:15 Maari mufananidzo nemucherechedzo waMwari unowonekwa uri pahupenyu hwemunhu, kuti munhu wese agowona mavambo ake azvokwadi maari; ndiye dangwe pazvisikwa zvose. *(Rima rakanga rakatifukidza vakaribvisa. Maari tinowona zvakajeka mavambo chaiwo ehupenyu hwedu semuchioni-oni. Mwanakomana worudo rwake anopa huchapupu hwemufananidzo wake mumunhu. Mwari havakwanise kuzviratidza zvakare!)*

2:9-10 Kristu vanoratidza kuti hapana nzvimbo munyika iyo Mwari vangava; kuzara kwake kunogara muna Kristu! Jesu anoratidza kuti

hupenyu hwemunhu hwakagadzirirwa Mwari! Jesu vanoratidza kukwana kwedu; Ndivo iye matiri.

Dzidziso yose inokusiya uyine pfungwa yokushayiwa pamwe nokusakwana pane kukwana idziviso kubva kuchokwadi.

2:16 Usatendera kuti mumwe awunze dziviso kurusununguko rwako nokumutsurudza mutemo yezvitendero pamwe nemitemo maringe nozvokudya nokunwa; mabiko ose echiJudha, mwedzi mitsva, zvakare sabata raguma munaKristu!

Kuita kwechitendero kwaiviga murawo wemabasa senzira yokutsanananangudza munhu wakakurirwa pachena. Kukunda komuchinjikwa hakunyaradzike!

3:1 Zvino kana wakamuka pamwe naKristu, zvigadzire mupfungwa; pinza pfungwa dzako muchokwadi chedenga!

4:4 Chishuwo chake chine kurevesa ndochokuti shoko rangu rizarure chakavanzika chaKristu mukukwana kwacho. Iwewe! Ndicho chinangwa chohupenyu hwangu! *(VaEfeso 3:9)*

Chikamu 1

1:1 Zita rangu ndinonzi Pauro. Hama yangu, Timotio, zvakare neni tiri pamwe chete muchinangwa chakagadzwa nokuda kwaMwari, kumirira hushumiri hwaJesu Kristu.

1:2 Tinokukwazisayi nenyasha, dzinova ropafadzo yetsvete yake pamwe nohushamwari; nokukuremekedzayi imi vari mukorose sevatsvene nehama pamwe muna Kristu. Mwari ndiBaba vedu pamwe naJesu Kristu mambo wedu.

1:3 Nguva dzose dzatinokunamatirayi tinotenda Mwari nokuda kwedu. Pamwe chete naIshe wed Jesu Kristu tinofara namavambo mamwe munaBaba.

1:4 Mashoko okutenda kwenyu muna Jesu Kristu pamwe norudo rwenyu kune vose vateveri vanozvipira rwunotikurudzira.

1:5 Denga *(nzvimbo yomweya)* **ndiro chitubu chisina magumo chetarisiro yenyu. Kutaurwa kwekunaka kwaMwari hakusi kure kana kuti kunodakadza kudarika chokwadi. Shoko ramakanzwa nderechokwadi!**

1:6 Shoko iri rinokurudzira mauri zvakare kugombedzera kwaro kunodarikira nyika dzose. Goho rine humbowo kwese uye riri kufamba; sohuchapupu mukuwona kwenyu kubva panguva yamakanzwa pamwe nokunzwisisa chokwadi pamwe nokukosha kwenyasha dzake.

("kufara kwangu kukuru ndokokuti kutenda kwenyu kunotaurwa munyika yose. Nyika yose ndiyo chaunga chedu!" [VaRoma 1:8] Pauro nguva dzose aiwona chaunga chikuru apo aitaura nomumwe chete.)

1:7 Zvamunosangana nazvo zvinoyenderera nedzidziso yamakagamuchira kubva kune mumwe watinoshanda naye Epafurasi. Anobatikana nokuva kwenyu muna Kristu.

1:8 Wakatiwudza maringe nezve rudo rwenyu kwatiri mumweya;

1:9 zvakare zvino takabatanidzwa pamwe nemi. Chishuwo chedu kwamuri ndochokuti muzadzwe nezivo yechiroto chaMwari chohupenyu hwenyu. Tinonamata kuti mafambiro enjere dzavo pamwe nomufungo yavo ive munzvimbo yenyu yokunzwisisa zvose zvomweya. *(shoko rinoti, [1] **Sunieimi**, rinoreva kubatana kwenzizi mbiri; kupfekana kwemifungo.)*

1:10 Famba [1]hako uchiwona nzvimbo yako uri pasi pahushe hwake. Zvino unoita zvakafanira kwaari, uchimufadza pagoho rose remabasa akanaka awunawo. Panguva ino, unodarika mberi uchiwedzera kuva pamwe naye nezvinozivikanwa naMwari kuva chokwadi pauri. Izvi zvinogumisidza nohupenyu hunodadisa pamwe nokuzara. *(Shoko [1] rinoti **peripateo**, rinoreva kuti kufamba kose kose, zivo yaMwari haasi mafungiro edu*

kwavari, asi maziviro avo kwatiri; kuzviziva samaziviro avagara vachitiita. [Jer 1:5, 1 Vakorinde 13:12])

1:11 Wakapihwa simba mukushamisa kwesimba raMwari; [1]pfungwa dzake dzakadzikama pamusoro pako! Anokukwanisa kuti uve nesimba pamwe nomufaro. *(Kubwinya kwesimba rake, kana kuti [1]**doxa**, kubva muna **dokeo**, kuyemura nekuda kwezvazviri, kuwona kwechokwadi; kuita kwaMwari – Pfungwa dzake dzakagadzikana.)*

1:12 Tine kufara kuna Baba vakatikwanisa kuti tive nechikamu mukukwana kwenhaka [1]yavatendi muchiedza. *(Chiedza chevhangeri chinoratidza zvakaitwa naMwari mukushandura mutadzi kuva mutendi; kubva pana **hagos**, chinhu chisingafadzi kuyenda kuna [1]**hagios,** chinhu chinoyera :"usadana munhu kuti akasviba kana kusava mutsvene."[Mabasa 10:28])*

1:13 Vakatinunura kubva [1]mumasimba erima *(enyika inotongwa nenyama, inokurudzirwa nomurawo wemabasa)* vakatiyisa muhumambo unotongwa norudo rwemwanakomana wavo. *(Rima harisi chinhu asi kusavepo kwechiedza. [Tarisa Vaefeso 4:18] Nzwisiso yakafukidzwa nerima yakavhara chokwadi chedzikinuro yedu kwatiri, shoko [1] **exousia,** kubva pana, **ek** mavambo kana Chitubu, pamwe na **eimi,** ndini. Kureva kusaziva kuti ndini ani kusvikira zuva ratakanzwa nokunzwisisa nyasha dzaMwari muchokwadi.)*

1:14 Mupfungwa dzaMwari munhu ari pamwe naKristu mupiriso yeropa rake takanunurwa; dzikinuro yedu ine [1]vimbiso; zvivi zvedu zvakapedzawo nazvo. *(Shoko reGiriki rechivi, [1] **hamartia** mashoko matatu, **ha**, pasina pamwe na **martia** kubva pana **meros**, zvatiri kana kuti chikamu chedu chazvokwadi. Chivi chinovhiringa. Chivi chakatibira chikamu chedu, hupenyu hwedu chaiwo.)*

1:15 Maari mufananidzo nemucherechedzo waMwari unowoneka muhupenyu hwemunhu kuti munhu wose agoziva chokwadi chemavambo ake maari. Ndiye dangwe pane zvisikwa zvose.*(Zvakavharwa nerima kwatiri vakavhura. Maari tinowona zvakajeka hupenyu hwedu chaihwo. Mwanakomana werudo rwake anopa huchapupu chaihwo hwemufananidzo wake mumunhu. Mwari havachagoni kusawonekwa zvakare!)*

1:16 Zvinhu zvose zviripo zvinovamba maari kunyange kudenga kana panyika, zvinowoneka kana zvisingawonekwi, mamiriro ose ehutongi, pamwe nezvikuriri zvose, dzingava hurumende pamwe nehumambo, masimba kana matare. Zvinhu zvose zvakasikwa naye kusikirwa iye.

1:17 Ndiye muvambi wazvose naizvozvo zvinhu zvose zvinowana hukoshi pamwe nezvokwadi maari chete.

1:18 Zvino ekklesia (*kereke*) **ndizvo zvinowoneka kuratidza** (*muviri*) **Jesu anova musoro. Ndivo**

mukuru pachikuriri avo vanotungamira kuita kokukunda kokuzvarwa kwedu kubva munyika yevakafa. Nzvimbo yake isina magumo haina kutyiswa. *("…kutungamira mauto mukumuka patsva"- Message)*

1:19 Mupimo wezvese zvina Mwari mupfungwa dzake kumunhu zviri maari. *("Vane nzvimbo yakakura, pane pokugara, zvokuti zvose zvaMwari zvinowana nzvimbo pasina kumanikidzirana."- Message)*

1:20 Ndivo vakatanga kuyananisa zvinhu zvose kwavari neropa repamuchinjikwa mwari vakadzora kuwirirana. Kutonga kwake korugare kowedzerwa kune chose chinowonekwa panyika kunyangwe kune zvisingawoneki zviri kumatenga. *(Matenga, [1] **ouranos**, nzvimbo yokusimudzirwa, kubva pana **oros**, gomo, kubva pana **airo**, kusimudza, kuisa kumusoro,"kwete izvozvo zvoga, asi zvinhu zvose zvakameduka nekubva panzvimbo munyika, vanhu nezvinhu, mhuka nzvose zvakagadziriswa nokuiswa pamwe chete mukufamba zvichiwirirana, zvose nokuda korufu rwake"- Message.)*

1:21 Marongerwo epfungwa dzisina kunaka ndiwo akakubvisa kuna Mwari kuyenda kuhupenyu hwekurwadziwa, pamwe nomushando. Zvino [1]akuyananisayi zvizere pamwe nekukudzorayi kumavambo ezvamuri. *(shoko rinoti, [1] **poneros** rinobva pakushungurudzwa, mushando pamwe*

nemarwadzo, zvinonzi zvakaipa. [Tarisa : muti wekuziva zvakanaka pamwe nomushando wakawona!] Kuyananisa: [2] ***apokatallasso,*** *kudzorwa zvakakwana kumavambo ehukoshi. [Kutsanangudza kwaThayer : Kushandura, kuchinjana, semakobiri ane hukoshi humwe chete.]"Imi zvamuri muri kuita kwake"- Message.)*

1:22 Vakapedza izvi nokufa rufu rwedu munyama yomunhu; vakatimirira zvizere kuti vagotiratidza mukushayirwa mhosva, takatarisana naMwari; tisina pfungwa yokupomerwa, kufungirana, kudemba kana kupomerana; zvose zvinotipikisa vakazvibvisa.

1:23 Darikira uri pakukonzwa nezvinozivikanwa nokutenda kwako kuti ichokwadi pamusoro pako, wakasimba pahwaro hokutenda kwako kuti pasava nechinokudzimaidza kubva patariro yevhangeri; tariro inofambirana nezvamakanzwa. Sezvo ini, Pauro, ndiri muhushumiri hwokureva shoko roga rinoridza chokwadi nokunzwisisa muzvisikwa zvose pasi pedenga. *(Mudanho romweya risingawonekwi. "Unogara norutsigo pamwe nokuvimba, wakaramba uri mushoko, wakangwarira kuti usadziviswa kana kutsaurwa. Hakuna rimwe shoko-irori rega. Chisikwa chose pasi pedenga chinowona shoko irori. Ini, Pauro, ndiri mutumwa weshoko rino."- message.)*

1:24 Zvino hapana kutambudzika kungadzivisa mufaro wangu. Kutambura kose muchikamu

chenyu ndemumwe mukana kuti titsinhire chimwe chinenge chichishayikwa *(mukunzwisisa kwenyu)* **kutambudzwa kwaKristu muchikamu chomuviri wake chinova kereke.** *(Zvisingafadzi zvinogona kunge zvichitambudza Pauro muchikamu chevatendi hazviwedzeri kutambudzwa kwaKristu – sokunge kutambudzwa kwaKristu muchikamu chedu hakuna kukwana asi kutsinhira nokuzivisa murawo wokusava nohumbimbindoga hunodzora hushumiri hwe testamende idzva.)*

1:25 Ndiri mutariri wezvinhu zvaMwari; chinangwa changu ndechekuti shoko rake rizivikanwe kwamuri mukujeka kwaro.

1:26 Zvino donzvo rechiprofita rakavanzika rakanga rakachengetwa kwekanguva asi razivikanwa mudzikinuro yokuregererwa kwedu.

1:27 Matiri Mwari vanoshuvira kuratidza hukoshi husina muripo hwerugaro rwaKristu; marudzi ose achamuwona somuchioni-oni! Kuwonekwa kwaKristu muhupenyu hwemunhu kunozadzisa tarisiro yose yomunhu. *(Havana kuhwanda munhorowondo, kana kumwedzi, kana kune ramangwana, kana mumapeji emagwaro, varipo kuti vawonekwe mauri. Mateo 13:44, Vagaratia 1:15-16)*

1:28 Zvino ndiro donzvo pamwe nechinangwa cheshoko redu; [1]tinomutsa pfungwa dzomunhu wose, kurayira munhu wose nekumwunza mukuzara [2]kwenzwisiso *(kuziva kusina kuzvidzwa)*

kuti [3]tigokwanisa (*kuratidzira*) **munhu wose [4]akakwana muna Kristu.** *(Kuturikira [1] **vous** + **tithemi** sokunangisa pfungwa dzomunhu nedzaMwari. Shoko rinoti, [2]**sophos,** rinobva pana **sophes** kureva kuchena, kujeka. Shoko rinoti, [3]**paristano,** rinobva pana **para**, nzvimbo yekukonzera, kubatana kwepedyo, pamwe na **histemi**, kureva kumira, kuratidza zvine humbowo. Shoko rinoti [4]**teleios,** rinoreva kukwana, pasina zvinoshayikwa.)*

1:29 [1]Kukwana kwako muna Kristu ndipo pane mavambo andinobva! Kushanda kwangu kunodarika kushingairira kwandaiziva pasi pomurawo wokuita pamwe nemabasa. Ndinoshanda kudarika nzvimbo yemaneto, kushingaira nesimba iro randinokurudzirwa naro mandiri.*([1]**eis,** nzvimbo inosvikwa mukupedzisira.)*

2:1 Fananidza izvi: Nzvimbo yagadzirwa; mutambo unodarikira mberi! Zvino iwe unodarika mutariri. Zvino [1]takamira neparutivi [2]munhandare sevamhanyi vaviri vakafana pamutumbi: Makwikwi ekuratidza Kristu ari mauri kusvika pakuti mose neavo vari muRoadikia vanopupura zvandinoziva muchiso kwete zvemanzwira! *(Kristu havasi huzhinji kuna Pauro kudarika vamwe vese! KJV inoverenga kuti,"Zvino [1]kukuru [2]kupikisana!"Shoko rinoti, [1]**helikos,** kubva mutsanangudzo yaThayer"sokureba; sokugara, machinda mamwe chete vakwikwidzani vanorema, zvimwe chete sevamhanyi vamakore mamwe chete."Nzvimbo yemakwikwi,[2]**agon** muna Thayer"vanhu vasangana kuwona makwikwi munhandare.")*

2:2 [1]Chinangwa chohushumiri hwangu ndochokuti moyo womunhu wose umutswe kuchokwadi chezvavari [2]vakabatana murudo. Izvo zvinokuisa muhupenyu wokuziva pfuma [3]yemagumo pamwe nohuchapupu hose hwakavanda muna Mwari vakatibereka pamwe nokuratidza munaKristu. *(shoko rinoti [1]**parakaleo** rinoreva kurezvwa kubva pana **para**, kureva pedyo chinhu chinobva panzvimbo yekukonzera, zvine kubatana kwenzvimbo, kunge zvabva pane mupi kana muvambi, kureva panobva kuitika, kubatana, pamwe na **Kaleo**, kupa zita repiri, kuziva nezita kudana nezita. Shoko [2]**sumbibatzo**, **en agape**, zvinoreva kubatanidzwa murudo pamwe neshoko, [3]**suniemi**, zvinoreva kuwona pamwe chete kana kuziva kumwe.)*

2:3 Zvose zvaikwanisa kutsanangudza pfuma yedu [1]zvakavigwa maari. Muna Kristu kuzara [2]kwehukoshi hwenjere pamwe nezivo zvinowanikwa. *(shoko rinoti [1]**apokriphos**, rinoreva kubva pana **apo** kubva panhu pamwe na **krupto**, kuvharira, kuvanza shoko, [2]**thesaurus,** rinoreva hukoshwa; nzvimbo iyo inochengeterwa zvinhu zvine hukoshi; kubva pana **tithemi**, kuyisa panzvimbo pamwe na **theo**, Mwari, kuchengetwa kwezvinhu zvose. Kristu ndiye zivo pamwe nenjere dzose.)*

2:4 Ndinoda kuzvitaura nokujeka zvokuti hapana anokwanisa kukutungamira kumhedzisiro yakazvidzwa nokutsveyamisa pfungwa dzako namashoko akangwara *(shoko ringakubvisa kubva kuzaruro yechakavanzika chaKristu mauri ine hwaro usina zvakanaka.)*

2:5 Kusavapo kwangu panyama hakundisiye ndiri kure nemi pamweya. Ndinofara kuva nehuchapupu wehunhu zvakare maramiro enyu haakubviseyi kubva pakureruka kwekutenda kwenyu pamwe nekugutsikana muna Kristu.

2:6 Kufamba kwenyu kwezuva hakuna kusiyana nepakutanga apo makanzwa kubatana kwenyu nedenga maari. (*sezvo makagamuchira Kristu, zvino fambai maari.)*

2:7 Semudzi wemuti, tora raramo yako pamwe nesimba kubva maari. Sechivakwa chinokwira kubva pahwaro hwacho hupenyu hwako hunoita

kuti kuzara kwaKristu kuwonekwe; wakamira mushangu dzake, wakasimba pakutenda kwako mutauro wokutenda unobva mukanwa mako unoratidza zvawakadzidziswa.

2:8 Iva nechivimbo chokuti usava muteyo wavamwe budikidze nedzidziso dzavo dzisina zvadzinoreva. Dzakawumbwa mutsika maringe namaitiro avanhu nezvinofungwa zvisina Kristu mazviri. *(Dzidziso yose inokusiya uyine pfungwa dzokushayiwa kana kuti hauna kukwana pane kukwana idziviso kubva kuchokwadi.)*

2:9 Muna Kristu Mwari vanowona kujeka pamwe nokukwana kweratidziro yavo, munyama yomunhu! *(Apo nyika isingikwanise kupima kana kutsanangudza mwari, mufananidzo wake unowonekwa mumunhu. Jesu vanoratidza kuti hupenyu womunhu wakagadzirirwa Mwari!)*

2:10 Jesu vanoratidza kukwana pamwe [1]nokupa mbvumo kuti [2]chokwadi chezvatiri. Ndiye"Ndini"matiri: *(Hazvifadze here kuti Mwari vakatizadzisa muna"Ndini"vachiwonekwa mauri! Kunonoka kwakadarika! Shoko, [1]**arche**, rinoreva mukuru panyembe. Shoko, [2]**exousia**, rinoreva kuti chikuriri, maumbirwo aro, **ek + eimi**, kureva kuti mavambo anobva kuna"Ndini."Mazuva akapera apo hupenyu hwedu hwaishanda nokuva pasi pehutongi hwemurawo wokuita pamwe nezvatiri zvakazvidzika. [Tarisa VaKorose 1:19] Kuzara kwemipimo yezvese mwari vanazvo mupfungwa*

kumunhu zviri maari.

"Kukwana kwako kunowanikwa maari chete" - Phillips.)

2:11 Wakanga uri muna Kristu paakafa zvoreva kuti rufu rwake rwunoreva kudzingiswa kwako kwazvokwadi. Chikuriri chechivi munyama yomunhu chakabviswa kwauri maari paakafa rufu rwako.

2:12 Mukufana kumwe (*kudzingiswa kwako pamwe naye murufu rwake)* **kuvigwa pamwe naye pamwe nokumuka pamwe zvoratidzwa mukuwombekwa, kuva pamwe kwako naKristu ndizvo zvaizivikanwa nokutenda kwaMwari apo vakamumutsa zvine simba kubva kuvakafa.** *(Hosiya 6:2)*

2:13 Wakanga wakafa pamweya, sezvaiwonekwa pakukonewa kwako, wakabatana nohupenyu hunotongwa nezvishuwo [1]zvakatsveyama, asi zvino Mwari vakuita mupenyu pamwe navo, nokuregerera [2] kudarikira kwako kose. (*Kusadzingiswa kwenyama yako, muGiriki hupenyu unotungamirwa nenhengo dzako. Shoko rinoti [2]**paraptoma**, rinobva pana **para**, kureva pedyo, nzvimbo inokonzera pamwe na **pipto**, kurega kubhururuka, kubva pana **petomai**, kubhururuka, zvoreva kuwa kubva mukubhururuka kana kushaya pokumira.)*

2:14 Muviri wake wakaroverwa pamuchinjikwa wakarembera ipapo setsamba yekupomerwa kwavanhu; mukufa rufu rwedu [1]vakadzima

humbowo [2]hwakanyorwa [3]maringe nokuwa kwaAdhamu! [1]Kusviba kwose kwakasara mundangariro dzedu kwakadzimwa zvakakwana. (*shoko; [1]**exaleipho**, rinobva pana **ek**, kubva pane, na **aleipho,** nechimwe **a**, sokuva pamwe, pamwe na **liparos**, kuzora girizi, kusiya tsvina; kupomerwa kwakava sengirizi kune munhu akawa. Shoko rinoti, [2]**cheirographon**, rinoreva chinyorwa. Shoko [3] **dogma** rinobva pana **dokeo**, mafungiro, zvoreva kufunga komunhu kwakanyorwa nezvinosangana nomunhu kwakatadza kuita zvinodiwa nomurairaro.Mukunyora kwake munhu akabvuma kumutongo wake worufu. Mawoko emunhu akarova jesu nezvibhakera zvoruvengo rwechitendero nokutsamwa pavakarovera muviri wake uzere ropa pamuti; havana kuziva kuti muchakavanzika chekuda kwaMwari jesu ndiye akava gwayana revanhu vose! [Isaya 53 : 4,5]"Nzvimbo yakacheneswa, tsamba yomusungo yakare yakavharwa pamwe nokuroverwa pamuchinjikwa waKristu". – Message.*)

2:15 Kukunda kwake kwakaratidza pachena [2]mutongo pamwe [3]nechikuriri chose chakapiwa simba nokuda kwekuwa kwaAdhamu. Zvino [4]izwi remuchinjikwa harinyaradzwe! *(kuipa kwese kwemuchinjikwa kwava mukombe wekukunda chivi kwaMwari! Muchinjikwa wakabvisa chitendero nesimba racho kupa munhu chipomero. Kupomerwa kwese kwakashaiwa simba rokuramba richinyengedza vanhu. Shoko rinoti, [1]**apekduomai**, rinoturukirwa kubva pana **apo**, kubva panhu, na **ekduo**, kubvisa nguwo; kuita*

*kwechitendero kwakaviga murawo wemabasa senzira yekutsanangudza munhu kwakakundwa pachena. Masimba emuti wezivo yechakanaka nechakaipa (**poneros**, kushanda nesimba) kwakapera. Shoko [1]**deikmatizo**, rinoreva kuti kuratidza pachena. Shoko rinoti [4]**parresia**, rinobva pana **pas**, zvose pamwe na **rheo**, kutaura, kudurura mashoko.*

"Vakapfekenurwa shasha dzomweya munyika kubva kuma simba pamuchinjikwa pamwe nokuva vakashama mumigwagwa."– Message.

*Tarisa chinyorwa muna 1 Vakorinde 15:24, kukwana kwemhidzisiro yebasa rake redzikinuro kunopemberwa mukuzvipa kwake kugoho rizere rekutonga kunaMwari Baba, Shure mekunge [1]vapedza namabasa okuita ayo ayikurudzira tsanangudzo yose yemasimba pasi pokuwa, kusanganisira [2]**masimba**, pamwe [3]nezvikuriri zvose uye [4]kukonzera kwenzira yose munzvimbo. [vakapedza murawo wemabasa, [1]**katargeo**, kubva pana **kata,** kureva hudzamu na **argos** kureva kushanda, kureva kusununguka kubva mukuita kwese kuzama kuwedzera izvo zvakaitwa mukukwana naKristu. Mitongo yose, [2]**arche**, kana vemasimba epamusoro kureva, madzimambo, vatongi,izvi zvinosanganisira kuita kose kwehutongi apo mumwe ari pamusoro pemumwe maringe nokuita kwavo. Masimba ose, [3]**exousia**, kubva pana **ek**, kureva mavambo pamwe na **eimi**, Ndini; munyaya iyi, nokuda kwezva ndinoita ndinotsanangurwa nazvo, naizvozvo, ndine chikuriri kwauri. Kuita kose kokukonza mudunhu,*

[4]***dunamis***, *kureva simba, munyaya ino, simba rokuda, mamiriro ehurumende dzese munyika dzichaiswa pasi pemutongo yenyasha apo panotongwa nehupenyu hwaKristu.]*

Muna 1 Vakorinde 2:7-8, tinotaura mashoko ezivo ayo akanga akavigwa kwenguva; chakavanzika chinoratidza kuita kwehumambo hwaMwari apo vaizodzikinura kubwinya kwavo mumunhu. Vematongerwo enyika kana vadzidzi vezuva iroro havana kuziva chakavanzika ichi [chokuva pamwe kwevanhu munaKristu]; kana vaiziva havaizorovera Ishe nokuti rufu rwavo rwakadzikinura kubwinya kwedu!)

2:16 Usarega mumwe munhu achiwunza dziviso kurusununguko rwako nokumutsa mitemo yezvitendero nomurawo maringe nezvekudya pamwe nokunwa; mitambo yose yevaJudha, mwedzi mitsva, pamwe nemasabata zvasvika kumagumo munaKristu! (*kukosha kwazvo kwaiva rangaridzo yevimbiso yaKristu kugore, mwedzi nevhiki rose. Zvaitakura vimbiso sechibereko chinobata mwana asani azvarwa.)*

2:17 Zvinhu zvose izvi zvaingova chiratidzo chechiprofita; Kristu ndiye chinowonekwa.

2:18 Pfungwa dzechitendero dzokumanikwa nokugara wakatarira ngirozi hakuna mubairo wazvinounza. Zvino usarega munhu wose anoyedza kuti muzvina pembe wekuzvipira kwako mufungwa dzake, kubatwa, mupfungwa

dzisina maturo; zviwono zvake zvinongova chimunya chemweya. *(Mukutonga kwake anotadza kuwona basa remuchinjikwa).*

"usarega vanhu vanoyedza kukutonga hupenyu hwako, vachikuraira kuti ugwadame, [kuti uwedzere mamiriro ako kuna Mwari], kuti ubatane navo mukuteera ngirozi uye kuti utsvage zviwono. Ungori mweya unopisa, ndizvo chete zvazviri"– Message.

2:19 Kuita ikoko kwechitendero hakusi maringe nemusoro. Wakabatana naKristu [1]somutungamiri wekuimba uya anotora mumanzi kubva kune munhu wese zvobatana mukuwirirana kuratidza kuzara kwekukurudzirwa kwedenga. *(Anova Kristu maari. Shoko [1] **epichoregeo**, muimbisi [Tarisa 2 Petro 1:11] Kureva, muimbisi mukuru wemimhanzi anotora hupenyu hwako kumumimhanzi yewirirano yamakore)*

2:20 Zvino kana chiri chokwadi kuti waive pamwe murufu rwaKristu, zvino mafambiro ezvitendero zvenyika ino nomutemo nomurairo yazvo hazvireve chinhu kwauri. Zvino zvine basa ripi kwauri kuti urarame pasi pokukonzwa nomufungo yavanhu?

2:21 Zvinhu zvakaita sokuti: "Usawirirana neuyo!"kana"usaravira icho!"kana"usabata chinhu ichi nemunwe wako!"

2:22 Mirairo iyi haina hukoshi shure mekunge zvimwe zvinhu zvinoparara nokushandiswa,

zvino zvinosiya pasina chinobatika pahupenyu hwako. (*Jesu vakati hachisi chinopinda mukanwa chinokonza, asi chinobuda kubva mumwoyo!)*

2:23 Chitendero chetsika chinoita sechakanaka uye vateveri vacho vanoita sevanozvininipisa nehutsvene mukutarisa kwavo mitemo kuti varaire kuita kwemiviri yavo. Dambudziko razvo nderokuti muviri haugutsikani *(Message inoti pana 19-23:"havachina kubatana nechitubu chohupenyu, Kristu, anotiisa pamwe chete sechinhu chimwe, kufemera kwake neropa rake riri matiri. Ndiye musoro isu tiri muviri. Tinogona kukura tiri vatano muna Mwari apo vachitichengeta. Saka zvakadaro, kana muna Kristu makabvisa kunyengedza kwese pamwe nechitendero, sei muchisiya zvichikutongayi?"Usabata ichi! Usaravira icho! Usava pedyo nechocho!"Unofunga kuti zvinhu zviripo nhasi zvoenda mangwana zvingana nekuyemurwa? Zvinofadza kana zvataurwa nenzwi rine hudzamu. Zvinoita sezvinopa chiwono kana kuninipa kwakanaka.)*

3:1 Chokwadi wakamutswa pamwe naKristu! Zvino chifunga nokukurudzirwa kwekuva pamwe maari. Zvigadzire mupfungwa! Zadza pfungwa dzako nemifungo yedenga. Kumuka kwake kwakakumutsa naye kunzvimbo imwe chete yechikuriri apo wakagara pamwe naye musimba roruoko rworudyi rwaMwari.

3:2 Ukava wakabatanidzana nepfungwa idzi zvichakuita kuti usadziviswa nenyika zvakare *(kutongwa nezvaunonzwa) pfungwa yakavandudzwa inokunda nzvimbo yakanga yakatorwa nezvisina maturo.)*

3:3 Kubatana kwako murufu rwake kwakaputsa kuva kwako munyika iyoyo; zviwone uri panzvimbo yokuti hupenyu hwako hwakavigwa naKristu muna Mwari. *("nezuva iroro muchaziva kuti ndiri muna Baba, uye imi muri mandiri ini ndiri mamuri". [Johani 14:20] Zadza pfungwa dzako nehupenyu utsva uhu; wakafa pakafa Jesu zvose zvaikutsanangudza mumashure zvapera. Kristu iye azere nohuMwari hwese, anokutsanangudza zvino! Chakavanzika chohupenyu hwako kuva pamwe naKristu munaMwari![Tarisa VaKorose 2:9-10])*

"Wakamuka, zvino, naKristu unofanira kusumudza mufungo wako kudenga apo Kristu vagere kurudyi rwaMwari, funga zvedenga zvega, wakava parufu, zvino hupenyu hwako hwakavigwa naKristu muna Mwari. Kristu ndiye hupenyu hwako, paanowonekwa unowonekwa mukubwinya kwake."- Knox Translation)

3:4 Kuratidzirwa kwaKristu, sokutsanangudza hupenyu hwedu 1 pakarepo kunoratidza zvinovapo maari, zvinoonekwa mauri zvakaenzana! Hupenyu chaiwo huri kuratidzwa muna Kristu zvino hunodzokororwa matiri. Tiri kuratidzirwa pamwe mukufadza kumwe; takabatanidzwa muumwe naye, sezvo hupenyu hwake huchiratidza iwe, hupenyu hwako hunoratidzira iye (*Gwaro iri raiwanzoturukirwa kuti zvakare rinonotse zaruro yaKristu kuchiitiko chichauya! Shoko rinoti,*[1] ***otan****, rinoti"rinhi"rakanaka richinzi"nguva yese"kureva, Nguva yose apo Kristu anowoneka tinowonekwa naye mukubwinya kwake"Maringe naWalter Bauer Lexicon,* ***oton*** *inowanzoshandiswa sokuita kune dzokororo. Pauro anotsanangudza kubatana kwedu mukubwinya muna Kristu! Tinoratidzirwa*

mukunaka kumwe chete! [Tarisa 1 Vakorinde 2:7-8, VaRoma 3:23-24, 2 Petro 1:3] Maari tinogara nekufamba pamwe nekuva zvatiri; matiri anorarama nokufamba pamwe nokuva zvaari! [Mabasa 17:28].)

3:5 Zvino chiwona nhengo dzomuviri wako dzakafa pamwe nokuradzikwa kune zvose maringe nezvinyadzi, kusashambidzika, kushuvira zvisakarurama, kuchiva namakaro, izvo zvinova kumwe kunamata zvifananidzo. *(kunamata zvifananidzo kunamata mufananidzo wako wakadzimaidzwa!)*

3:6 Kuwona kwakatsveyama kunopikisana nokugadzirwa kwako naMwari pamwe nechishuwo chavo kuhupenyu hwako.

3:7 Tose takanga takatsvairwa mukurarama kokuchiva pamwe namakaro.

3:8 Asi zvino, nokuti maziva kuti makafa pamwe uye mukamuka pamwe chete naKristu, munogadzira pfungwa dzenyu nechokwadi! Zvachose isayi zvinhu izvi shure kwenyu : sokuti kuputika nehasha kunetsekane, huipi hwose, kunyeya (*kuyedza kudukupisa vamwe vanhu uye kuti mumwe munhu ave nezita rakaipa,* ***blasphemos)***, kuita kwese

kwekutaura kusina tsarukano. *(kubatana nohupenyu hwechivi kwakaputswa; simba rohunhu hwaMwari razarurwa zvakare muhupenyu zvawo.)*

3:9 Hupenyu hwakare hwaiva manyepo, hausi hwedu! Nguwo idzodzo dzokunyengera dzakapfekenurwa mukuziva kwedu kuva pamwe naKristu murufu nomukumuka kwake. Hatichina kufanirwa kurarama mumitongo yenguwo dzataipfeka kare kana kuti kunyepera ani nani nokunyengera (*Nguwo dzinopfekwa newemutambo dzinotsanangura zvaanoita.)*

3:10 Tinomira tichiwonekwa muhusikwa hutsva takavandudzwa munjere maringe namarongerwo emifananidzo wemusiki wedu.

3:11 Zaruro yaKristu matiri inopa munhu zvaari kudarika munhu zvaanogona angava muGiriki kana muJudha. Kubva zvino munhu wose anotsanangudzwa muna Kristu; munhu wese anowonekwa munaKristu. *(Mukumuwona kwete munhorowondo asi achiratidzwa maari, tinowona chiso chokuberekwa kwedu somuchioni – oni![Jakobho 1:18])*

3:12 Muri chibereko chorudo rwaMwari; akakudzorera kumufungo yake yamavambo. Uri wake zvakakwana. Zvakaita sokushandura nguwo. Zvino zvawasiya zvakare, zvipfekedze nohunyoro, kuzvininipisa nokuva nemwoyo murefu, *(Seizvo zvawaizivikanwa nazvo, izvi ndizvo zvinokutsanangudza.)*

3:13 Muchitora vamwe mukuwona kwakanaka. Mumwe kana awona zvakaipa pane mumwe, dzoredzera munhu iyeye zvakanaka, tichirangarira kuti kuregererwa kwedu naIshe kwakashandura hupenyu hwedu.

3:14 Pfeka rudo senyufomu; izvi ndizvo zvinokwanisa mufananidzo wehumwe chete.

3:15 Tora rugare rwaKristu somuzvina pembe mumoyo mako. Tinowonekwa tose mumunhu mumwe chete; pane muviri mumwe chete. Takaberekwa kuti tive makomborero nokuratidza kugona kwake.

3:16 Kristu ndiye mutauro wepfungwa dzaMwari. Rega shoko rake ridzike mauri zvisina magumo, kutora zivo mukuzara kwayo. Zvinoita kuti kuwadzana kwenyu kuve nzvimbo yokuraira semumhanzi. Chidzidzo chose irangaridzo, kuwungira munziyo yose yaunoyimba, angava mapisarema (u*chiyimba rumbidzo dzaMwari pamwe nezviridzwa*) kana himu (*nziyo yehuchapupu)* kana nziyo mumweya *(nziyo idzva yechiprofita).* Nyasha

dzinosunda mwoyo wako nemumanzi kunashe.

3:17 Hurukuro yako yose nokuita kwezuva kunoratidzaiye;zitarakenoUshehunotsanangudza hupenyu hwenyu nokukurudzira kutenda kwakadzama kuna Mwari Baba nenyasha dzake.

3:18 Rugare rwake ndirwo muzvina pembe muhukama wese kunyanya mumhuri! Vadzimai, ivayi pasi poruchengeto rwana madzibaba enyu, muchizivisa hushe hwaKristu mavari.

3:19 Varume, idayi vakadzi venyu zvine hunyoro! musavatsaura.

3:20 Vana, munoratidza hupenyu hwaKristu kumadaviriro amunoita kuvabereki, itai varambe vachifara, vanoratidza kufara kwaMwari mamuri. *("Vabereki musadzika zvine simba kuvana venyu munotsondora mweya yavo."– Message.)*

3:21 Vabereki ndivo vane chokuita nemamiriro epamba; regai kuita zvinotonhodza mweya yevana.

3:22 Kana uchishandira mumwe, kunyange uchishanda senhapwa, rangarira kuti mwoyo yenyu yakabatana mukuzvipira kuna Mwari: Musataridza kushanda kana makatarirwa ratidzakushanda ikoko chero wakafuratirwa navakuru vako pabasa.

3:23 Zvose zvaunoita, fananidza Kristu mumunhu wauri kuitira; zvine shanduko paunoisa mwoyo

wako pazviri.

3:24 Mwari Havana chikwereti nomunhu; unoshanda pasi poHushe hwaKristu.

3:25 Kurarama zvinopesana nekuwumbwa kwako kuzvikuvadza; basa rako harikutsanangudze, hazvineyi kuti ndiwe ani. Kusarurama kunotakura kukonza kwako zvokuti hakutye munhu.

4:1 Kana uri mukuru, bata vamwe vanokushandira muchiedza chokuva vamwe kwavo muna Kristu; vanokubata zvakadaro uye ndivo mukuru munzvimbo yomweya. *(Gwaro iri rinopedzisa pfungwa iri pana 3:25 ichifanira kuva chikamu chimwe chete neyemumashure. Pauro haana kunyora zvakapatsanurwa mumavhesi kana zvikamu.)*

4:2 Darika muminyengetero. Gara wakangwarira nokuchama *(kuizwi romweya; usatorwa nomunamato yako yezvaunoda)* **Nyasha nokutenda ndiwo mutauro weminamato.**

4:3 Panguva imwe chete ndirangarireyi muminamato yenyu. Namatirayi kuti Mwari zvavainazvo mandiri zvinobata vakawanda nezaruro yechakavanzika chaKristu chinodarika madziro ejeri. Jere rino haripime hushumiri hwangu; shoko rechakavanzika chaKristu mandiri rinozviita. (*VaKorose 1:25-29)*

4:4 Kurevesa kwechishuwo changu ndekwekuti shoko rangu rizarure chakavanzika chaKristu mukukwana kwacho. Iwewe! Ndiro donzvo rohupenyu hwangu! *(VaEfeso 3:9)*

4:5 Usakanganisa mukana wako wokubata vamwe neshoko budikidze nokushaiwa zivo. Kunyange zvichita sokunge vari"kunze"maitiro ako kwavari anoratidza kuti vari"mukati"zvirokwazvo varimo. Dzikinura nguva nokutora mukana wose. *(Nguva*

inowana hukoshi muchokwadi chedzikinuro.)

4:6 Runga hurukuro dzako nenyasha. Izvi zvinoramba zviri zvakafanira kuitwa pamamiriro ese.

4:7 Tikiko, achakuudzayi nhau dzose pamusoro pangu ndiye shamwari yangu uye mudikani ane hushumiri une ruremekedzo.

4:8 Ndakamutuma kuti auye kwamuri munyaya iyoyi, kuti mugokwanisa kukurudzirwa pamwe nokunyaradzwa naye.

4:9 Onesimo, uye anobva munzvimbo imwe chete yenyu, achava nemi. Mukoma vanodikanwa pamwe nokuva vakatendeka. Vachatimirira kwamuri.

4:10 Aristarko, mumwe wangu muhusungwa, anokukwanisayi; pamwe naMako mwana wehanzvadzi yaBarnabasi. Rangarirai kuti mumupe gamuchiro inodakadza paanouya kwamuri.

4:11 Zvakare kunaJesu, vamwe vanomuti Justo. Hama nhatu idzi, dzinova vaJudha nokutenda, ihama dzangu dzepedyo pamwe mukushanda muhumambo hwaMwari.

4:12 Epafurasi, anova chibereko chehushumiri hwenyu anokutendai. Anoshanda muna Kristu zvakaita sei anoshingaira muchikamu chenyu zvine simba muminamato yake. Chishuwo

Chikamu 4

chake kwamuri kuti mumire zvine simba kupedza kwakakwana muna Kristu pamwe nokukurudzirwa zvizere mukuda kwaMwari muhupenyu hwenyu.

4:13 Ndinokuudzayi kuti ane chishuwo nemararamiro enyu, pamwe navatendi kuRaodikia neHirapori.

4:14 Anodikanwa dhokotera Ruka anokukwazisayi pamwe naDemasi.

4:15 Tinokumbira kuti mutambanudzire kwaziso dzedu kune hama dziri muRaodikia zvakare na Nimfa pamwe nekereka yemumba make.

4:16 Muve nechivimbo chokuti kereke yemuRaodikia inowana mukana wekuverenga tsamba ino nokuti imi zvakare muverenge tsamba yandakanyora kwavari.

4:17 Arkipo, Ndinoda kuti mungwarire mukuzadzisa hushumiri hwamakagamuchira kubva kunaShe.

4:18 Ini, Pauro ndinonyora kwaziso ino noruwoko rwangu. Murangarire mangetani angu. Nyasha dzaMwari ndedzenyu